

## Kisa yon Fwod Asirans ye?

**Fwod Asirans se yon krim.** Nenpòt moun ki twonpe entansyonèlman, fè yon fo deklarasyon oswa defòmè yon reyalite materyèl pou sa resevwa lajan oswa lòt benefis ke yo pa sipoze resevwa ap komèt yon fwod asirans. Sa gen ladan fè nenpòt deklarasyon ekri oswa aloral kòm pati yon rekalamasyon oswa aplikasyon asirans lè yo konnen ke deklarasyon an wete oswa kache enfòmasyon enpòtan oubyen gen ladan enfòmasyon ki fo, enkonplè oswa ki la pou twonpe. Fwod finansye afekte tout moun – konsomatè, biznis ak konpayi asirans. Yon kondanasyon pou fwod asirans detwi lavi e ka enplike anprizònman ak lòt sanksyon penal.

### Egzanp fwod asirans gen ladan:

- Itilizasyon twonpri pou resevwa lajan oswa lòt benefis nan yon tranzaksyon asirans
- Defòmè kòz yon pèt (pa egzanp, pretann de yon domaj yon twati te fèt akòz yon siklòn alòske se te yon lòt bagay ki pa siklòn ki te lakòz li)
- Touche prim ki gwo ak fo dokiman san ou pa voye li bay konpayi asirans la

Pa twonpe tèt ou. Tout tip moun ka komèt fwod asirans, pa sèlman kriminèl ak rezo krim òganize.

Fwod se pa yon krim ki san viktim. Li ogmante kou yo epi afekte prim yo. Nan kèk ka, li ka mete lavi moun inosan an danje – tankou, pa egzanp, pwovoque yon dife (ensandi kriminèl) pou ka jwenn benefis asirans donk fè lajan, youn nan tip de plan “dirèk” yo.



Ou bezwen fè yon reklamasyon?

## Rele Citizens First

Fè reklamasyon ou sou Entènèt nan myPolicy sou [www.citizensfla.com/mypolicy](http://www.citizensfla.com/mypolicy) 24 èdtan pa jou, sèt jou nan semèn nan **866.411.2742**

Scan QR code to report online



Objektif bwochi sa se pou bay enfòmasyon. Si sa ta rive ou jwenn kèk diferans ant bwochi sa ak kontra asirans ou an, se sa ki ekri nan kontra asirans lan ki gen plis valè.

The English version is available at [www.citizensfla.com/brochures](http://www.citizensfla.com/brochures).

La version en Español esta disponible en [www.citizensfla.com/brochures](http://www.citizensfla.com/brochures).



Citizens Property Insurance Corporation  
866.411.2742

[www.citizensfla.com](http://www.citizensfla.com)

03/24

# Fwod Asirans se yon Krim Grav



## Citizens Angaje pou Konbat Fwod Asirans

Chak ane, gen plizyè milya dola ki pèdi nan fwod asirans. Daprè Kowalisyon Kont Fwod Asirans, sa koute biznis ak konsomatè yo prèske \$309 milya chak ane. FBI estime enpak sou fanmi mwayèn yo nan \$400-\$700 chak ane nan prim.

Citizens gen yon responsabilite anvè asire li yo, ajan, anplwaye ak tout moun Florida k ap batay kont fwod asirans. Se bagay kòrèk pou fè a.

Pou kontribye a efò sa, Citizens gen yon ekip espesyalize anketè ki detekte ak ankete sa yo sispèk ki fwod. Inite Espesyal Ankèt la (Special Investigations Unit, SIU) travay pou fòme pèsònèl ki anchaj reklamasyon yo sou kijan pou idantifye siyal fwod epi asiste ajan yo ak pwosedi pou rapòte sa ki sanble fwod. SIU kolabore ak fòs lòd yo epi Depatman Sèvis Finansye Florida (FLDFS) nan efò y ap fè pou elimine fwod, nan voye ka fwod prezime yo pou ankèt pi pouse ak posib pèsèkisyen.

## Denonse Fwod se Bagay Kòrèk la Pou Fè – epi Li Fasil

Pou denonse yon fwod asirans pwopriyete ou sispèk ki enplike yon polis oswa reklamasyon Citizens:

- Rele Inite Espesyal Ankèt Citizens san peye nan **855.748.8596**.
- Soumèt yon rapò anliy atravè sijè *Report Suspected Fraud* nan paj *Contact Us* nan [www.citizensfla.com/contactus](http://www.citizensfla.com/contactus).

Pou denonse yon fwod asirans pwopriyete ou sispèk ki pa enplike Citizens:

- Rele Liy Èd Konsomatè FLDFS nan **877.693.5236**.
- Soumèt yon rapò anliy nan Divizyon Sèvis Ankèt ak Medsin Legal FLDFS nan [www.myfloridacfo.com/fraudfreeflorida.com](http://www.myfloridacfo.com/fraudfreeflorida.com)

## Nou Tout Peye Pri pou Fwod Asirans

Fwod asirans kraze resous Citizens epi mete an defi wòl nou kòm konpayi asiran rezidyèl nan mache Florida a. Citizens dedye tout resous li yo pou idantifye, detekte ak denonse fwod. Pwoteje tèt ou ak fanmi ou lè ou rete konsyan de potansyèl plan fwod.

Idantifye epi evite sitiyasyon kote ki ka gen opòtinite pou komèt fwod asirans pwopriyete kay.

- Asire ou ke polis ou a ajou epi kouvèti w la adekwa.
- Revize polis ou a ak ajan w lan pou konprann kisa ki kouvri ou pa.
- Kontakte Citizens First pou rapòte reklamasyon rapid.
- Asire ou ke tout enfòmasyon ou founi konpayi asirans ou a – soti nan aplikasyon pou rive nan reklamasyon – li egzat ak veridik.

Lè w ap achte asirans:

- Konnen ajan oswa koutye ou a.
- Bay enfòmasyon egzat ak veridik a ajan ou la epi nan aplikasyon ou lan.
- Jwenn prèv pèman ki ekri.
- Kenbe yon kopi polis ou a epi kenbe li ak dokiman enpòtan kay la.
- Rezève polis ou a epi pale ak ajan ou la si ou gen nepòt kesyon.



## Senaryo fwod asirans pwopriyete ki kouran:

- Soumèt fo enfòmasyon nan yon aplikasyon asirans pou kouvèti
- Bay enfòmasyon twonpri kòm pati yon reklamasyon konsèsan kòz, dat pèt oswa anplasan pwopriyete
- Chwazi bay pri ki pi wo pou yon pwopriyete andomaje nan yon reklamasyon ki lejitim
- Domaj entansyonèl a pwopriyete pou ka fè reklamasyon
- Planifye yon kanbriyaj oswa vòl epi apre sa fè yon fo deklarasyon de pwopriyete ki vòlè oswa andomaje
- Mande yon founisè sèvis, tankou yon kontraktè oswa yon moun ki fè reparasyon, pou ogmante bidjè reparasyon oswa fakti nan kantite dediktib la oswa plis
- Kreye yon fa fakti reparasyon oswa resi pou ka prezante yon reklamasyon
- Kache itilizasyon oswa tètjivès valè yon rezidans bay yon ajan asirans pou sa redwi prim asirans la
- Soumèt fo enfòmasyon bay oswa pèmèt enfòmasyon ki fo soumèt bay yon enspektè yon fason pou ka jwenn alèjman van prim kredi
- Fè alterasyon detay enspeksyon pou ka jwen apwobasyon risk la

## Siyal Fwod:

- Ajan asirans oswa kontraktè ou la itilize teknik gwo presyon pou fòse ou achte yon polis imedyatman anvan pri yo chanje.
- Enfòmasyon kontak yon konpayi asirans pa disponib fasilman oswa difisil pou lokalize.
- Yon moun frape pèt ou epi li di ou gen dega lakay ou ke ou pa t konnen.
- Yo pwomèt ou san ou pa bay anyen bagay tankou yon twati gratis oswa yon renovasyon kwizin.
- Yon moun deklare de dega a pi gwo ke jan klèman li ye a.
- Reparasyon pèmanan kòmanse anvan konpayi asirans ou a jwenn avi oswa otorize pou enspekte dega yo.
- Yon founisè sèvis ofri pou "kouvri" dediktib ou a. Sa ilegal.